

Konsèy pou Fason pou Pale ak Timoun ak Jenn Moun Konsènan Devèsman Petwòl la

Yon Gid Pou Pwofesè ak Administratè Lekòl yo



Elèv ki nan rejyon Lakòt Gòlf la te ekspozè nan konsekans katastwòf devèsman petwòl la sou anviwònman an, sou ekonomi an, ak sou kominote a. Chagren, pèt ak chanjman nan katastwòf sa a k ap kontinye a kapab kite anpil elèv santi yo gen gwo enkyetid, konfizyon, ak frajilite. Si elèv yo te fè eksperyans konsekans pèsònèl devèsman petwòl la nan fanmi yo oswa nan kominote a, si yo te gade sa nan televizyon, oswa si yo te tandè sa owaza pandan granmoun t ap diskite sou sa, edikatè yo fèt pou konnen sa, epitou yo dwe pare pou ede elèv yo lè yo vin gen reyaksyon emosyonèl ak fizik.

Konsekans devèsman petwòl la kapab afekte elèv yo nan diferan fason. Pou kèk moun, fanmi yo te kapab jwenn konsekans finansye, alòske lòt yo kapab pa gen pwoblèm epitou yo kapab pa montre okenn reyaksyon, epitou nan kèk ka reyaksyon yo kapab sanble ak evènman twomatik oswa evènman grav yo fè eksperyans. Lè pwofesè ak administratè lekòl yo konnen siy ki komen nan diferan laj, sa kapab ede yo rekonèt pwoblèm yo, epitou sa kapab ede yo reponn kòm sadwa. Lekòl yo kapab jwe yon wòl enpòtan lè yo aplike woutin nòmal yo ak lè yo bay elèv yo ak pwofesè yo enfòmasyon sou fason pou yo siviv avèk estrès katastwòf sa a.

Lekòl Pre-Matènèl ak Lekòl Matènèl

Elèv ki gen laj 3–5 kapab retounen nan yon etap konpòtman anvan, yo kapab kole kò yo sou yon paran oswa sou yon pwofesè, oswa yon kapab vin abitye kò yo ak yon kote yo santi yo jwenn pwoteksyon. Chanjman nan abitye manje ak dòmi se chanjman ki komen tou. Re-asirans se kle pou gwoup laj sa a. Toujou fè yon woutin nòmal nan salklas la epitou ankouraje elèv yo pou yo ekspri santiman yo nan jwèt ak nan travay atistik. Reponn kesyon elèv yo avèk repons ki senp ak klè.

Lekòl Primè

Elèv ki gen laj 6–11 ane kapab genyen kèk nan reyaksyon pi jenn timoun yo genyen. Epitou, yo kapab retire kò yo nan jwèt an gwoup ak pami zanmi yo, fè plis konpetisyon pou atire atansyon pwofesè yo, pa vle sòti lakay yo, entereze mwens nan travay lekòl la, vin pi agresif, te ajoute konfli avèk kamarad klas yo oswa paran yo, oswa jwenn li difisil pou konsantre. Reyaksyon fizik tankou maltèt oswa lestomak fèmal komen tou. Elèv sa yo ap jwenn avantaj nan opòtinite pou ekspri emosyon yo nan jwèt ak nan travay atistik. Ankouraje elèv yo pou yo patisipe nan aktivite lwazi yo. Lekòl yo ta dwe travay pou kreye establite ak konsistans otank posib.

Lekòl Pre-Segondè ak Lekòl Segondè

Elèv ki gen laj 12–18 tan gen chans pou gen reyaksyon fizik lè yo gen estrès, epitou yo kapab vin entereze mwens nan travay lekòl la oswa nan lòt responsablite yo te abitye pran anvan. Menmsi kèk elèv kapab fè gwo konpetisyon pou atire atansyon pwofesè yo, yo kapab izole tèt yo; reziste kont otorite; vin ensipòtab oswa agresif lakay yo oswa nan salklas la, ki kapab manifeste kòm yon konpòtman entimidasyon; oswa yo kapab kòmansè fè eksperyans avèk konpòtman gwo risk, tankou itilizasyon alkòl oswa





dwòg. Reponn kesyon sou evènman an avèk onètete, men pa pale twòp sou detay yo, oswa pa kite devèsman petwòl la domine tan pou pase nan salklas la nètale. Kite elèv yo fè konnen sa yo panse nan konvèsasyon ak nan redaksyon. Rekonèt pèfòmans yo nan lekòl la kapab afekte epitou anvizaje chanje plan leson yo. Anplis sijesyon ki endike anwo a, konsèy ki anba la yo kapab ede pwofesè yo ak administratè lekòl la abòde bezwen kominote lekòl ki afekte nan katastwòf sa a.

Konsèy pou Pwofesè yo

- Detèmine si elèv yo ak fanmi yo te afekte nan katastwòf sa a pou ou kapab pare pou chanjman posib nan konpòtman elèv yo nan salklas la
- Bay opòtinite nan salklas la pou diskite sou devèsman petwòl la si anpil nan elèv ou yo te afekte nan katastwòf la, men pa jwe wòl yon espesyalis terapi. Si yon konpòtman oswa sentòm yon elèv sante depase oswa ap kontinye san rete, fè yon rekòmandasyon ba yon pwofesyonèl sante konpòtmantal.
- Anvizaje angaje asosyasyon pwofesè-paran kòm yon fason pou diskite sou konsekans posib sou aprantisaj elèv la si kominote a te afekte anpil nan devèsman petwòl la.
- Ofri fason pou elèv ou yo ede youn lòt ak pou yo ede kominote a—tankou patisipasyon nan efò netwayaj Lakòt Gòlf la ak aktivite ranmasaj lajan—kòm yon fason pou montre konpòtman ki rekonèt dwa ak byennèt lòt moun
- Chèche oswa ofri sipò adisyonèl pou elèv ki kapab bezwen èd adisyonèl pou kontinye avèk travay lekòl la
- Ede elèv yo konprann li nòmal pou yo santi divès kalite emosyon ak reyaksyon. Ankouraje elèv yo eksprime santiman yo ba adilt ki kapab ede elèv yo konprann eksperyans lan.
- Rekonèt gerizon ak redrèsman kapab pran anpil mwa oswa menm anpil ane
- Rekonèt plizyè diferans kiltirèl elèv yo ak pratik yo pou siviv
- Entwodui boza ki apwopriye pou laj yo ak aktivite teyat nan plan leson ou yo, diskisyon an gwoup, ak prezantasyon sou devèsman petwòl la
- Pran prekosyon ou pou pa klase elèv ki afekte yo kòm “elèv k ap kreye pwoblèm,” “delenkan,” oswa “elèv ki aprann dousman.” Twomatis, pèt ak malè kapab afekte pèfòmans ak konduit elèv yo nan lekòl la. Ou kapab rezoud deranjman sa yo souvan avèk èd ki apwopriye.
- Fè administratè lekòl la konnen si genyen plizyè elèv nan salklas la ki genyen pwoblèm pou administratè yo kapab okouran, angaje, ak anmezi pou ede yo
- Rekonèt ou kapab afekte tou nan katastwòf sa a; anvizaje fè etap pou sipòte gerizon fizik ak gerizon emosyonèl



Liy Dirèk

Liy Èd pou detès devèsman petwòl la
Liy pou rele gratis: 1-800-985-5990

Liy Dirèk Nasyonal pou Rapòte Vyolans Domestik
(National Domestic Violence Hotline)
Liy pou rele gratis: 1-800-799-SAFE (7233)
TTY: 1-800-787-3224

Liy Nasyonal Sovtaj pou Prevansyon Swisid
(National Suicide Prevention Lifeline)
Liy pou rele gratis: 1-800-273-TALK (8255)
TTY: 1-800-799-4TTY (4889)
Si wèb: <http://www.suicidepreventionlifeline.org>

Lokalizatè Tretman

Liy Èd SAMHSA pou Rekòmandasyon pou Tretman
(SAMHSA Treatment Referral Helpline)
Liy pou rele gratis: 1-800-662-HELP (4357)
TTY: 1-800-487-4TTY (4889)
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/treatment/>

Biwo Santral Enfòmasyon

Rezo SAMHSA pou Enfòmasyon sou Sante
(SAMHSA Health Information Network)
Liy pou rele gratis: 1-877-726-4727
TTY: 1-800-487-4TTY (4889)
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/shin>

Resous Itil

Disaster Technical Assistance Center
(Sant Asistans Teknik pou Katastwòf) (DTAC)
Liy pou rele gratis: 1-800-308-3515
Imèl: DTAC@samhsa.hhs.gov
Sit wèb: <http://www.samhsa.gov/dtac>

Gid pou Paran ak Pwofesè yo: Fason pou Pale avèk Timoun
Konsènan Devèsman Petwòl la nan Gòlf la
Sit wèb: <https://www.nwf.org/Global-Warming/School-Solutions/Eco-Schools-USA/Become-an-Eco-School/Special-Report/-/media/PDFs/Eco-schools/TeachersGuide-OilSpill.ashx>

Rezo Nasyonal pou Estrès Twomatik Timoun
(National Child Traumatic Stress Network)
Sit wèb: <http://www.nctsnet.org>
Gid pou Resous Edikatif sou Devèsman Petwòl Sit wèb:
http://www.doe.state.la.us/lde/misc/oil_spill_resources.aspx

Sant TA pou Preparasyon ak pou Jesyon Ijans pou Lekòl yo (REMS)
[Readiness and Emergency Management for Schools (REMS) TA Center]
Sit wèb: <http://rems.ed.gov>

Remak: Si ou mete yon resous nan fèy enfòmasyon sa a, sa pa vle di Sant pou Sèvis Sante Mantal, Administrasyon Sèvis pou Abi Estipefyan ak Sèvis Sante Mantal, oswa Minisè Sante Piblik ak Sèvis Imèn Etazini ap apwouve li.

SMA10-4602Hai/Creo

Revised (Revize) 10/4/2010 - Haitian Creole

Konsèy pou Administratè Lekòl yo

- Bay elèv yo, fanmi yo, ak pwofesè yo enfòmasyon sou fason pou yo siviv avèk estrès akòz devèsman petwòl la
- Bay enfòmasyon oswa fòmasyon pou edikatè yo ak anplwaye yo sou siy avètisman reyaksyon kriz grav
- Rekonèt pwofesè yo kapab afekte nan devèsman petwòl la, epitou ba yo resous ak opòtinite pou diskite, pataje, ak bay sipò san rete youn avèk lòt. Montre ou fleksib konsènan règleman pou konje maladi kòm yon fason pou rekonèt konsekans posib devèsman petwòl la.
- Oryante pwofesè yo nan resous sante konpòtmantal ki nan lekòl la ak nan kominote toupre a, epitou asire yo mete anplas ak konprann yon pwosesis rekòmandasyon
- Asire pwofesè yo konnen kilè pou yo fè yon rekòmandasyon pou yon elèv ki gen pwoblèm emosyonèl oswa pwoblèm konpòtman
- Travay avèk founisè ak patnè sèvis sante konpòtmantal pou ede asire divès kalite sèvis disponib pou elèv yo ak pou anplwaye yo
- Fè pwofesyonèl sante konpòtman ki fòme nan entèvansyon rapid vin disponib nan lekòl la, epitou fè elèv yo ak travayè sosyal elèv yo konnen sa

Remak: Kèk nan enfòmasyon ki nan fèy konsèy sa a te adapte nan Rezo Nasyonal pou Estrès Twomatik Timoun (National Child Traumatic Stress Network), Asosyasyon Nasyonal Sikològ ak Eskolastik Lekòl (National Association of School Psychologists, and Scholastic).